

# Manti ak Verite sou Biprenòfin pou Tretman Depandans a Opyoyid

Gen medikaman Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini an (U.S. Food and Drug Administration) apwouve, tankou biprenòfin (yo rele li tou byoup epi non mak li se Suboxone ak Zubsolv), ki disponib pou trete depandans a opyoyid (opioid use disorder, OUD), pou sispann oswa redui konsomasyon opyoyid, ak pou jere anvi ak sentòm sevraj. Kontinye li pou jwenn plis enfòmasyon sou kèk manti ak verite yo bay souvan sou byoup la ak OUD.

Manti	Verite
<b>Pran medikaman kont OUD se ranplase yon adiksyon ak yon lòt.</b>	OUD se yon pwoblèm sante kwonik yo ka trete ak jere avèk medikaman. Pran yon medikaman pou trete OUD se tankou pran ensilin pou trete dyabèt.
<b>Lè w ap pran medikaman kont OUD sa vle di ou pa nan dezentoksikasyon toutbon.</b>	Dezentoksikasyon an se yon pwosesis chanjman ki pèmèt moun amelyore sante ak byennèt yo, gras a etablisman bi yo idantifye pou tèt yo ak efò pou yo fè lemye yo kapab. Lè w ap pran medikaman tankou byoup ak metadòn sa vle di ou nan dezentoksikasyon.
<b>Moun ki gen OUD ta dwe kapab sispann pran opyoyid sibatman san yo pa pran byoup la pou trete OUD yo a. Lè w ap pran byoup la kont OUD sa vle di ou gen mwens volonte pase moun ki pa pran byoup la.</b>	OUD se yon pwoblèm medikal kwonik, se pa yon feblès moral, epi anvi opyoyid yo se reyaksyon byolojik ki rive kèlkeswa volonte yon moun. Gen anpil moun ki pa ka ni sispann ni redui konsomasyon opyoyid yo san yo pa pran medikaman. Dezentoksikasyon anba OUD pa gen pou wè avèk èske yon moun sispann pran opyoyid sibatman. Moun ki sispann pran opyoyid sibatman oswa ki ale nan dezentoksikasyon epi retounen lakay yo san yo pa kòmanse avèk ni byoup ni metadòn gen plis risk fè ovèdoz.
<b>Moun k ap pran dwòg aktivman dwe sispann oswa pa kòmanse tretman avèk byoup la.</b>	Ou pa oblije sispann pran dwòg nèt pou w kòmanse pran byoup la epi tire avantaj ladan li. Men, li enpòtan pou w pa pran okenn opyoyid pandan yon sèten tan anvan premye dòz byoup ou a. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou sou kijan pou w kòmanse pran byoup la san danje pou evite sentòm sevraj yo.
<b>Tretman avèk byoup la dwe kout oswa sispann apre yon sèten tan.</b>	Pa gen kantite tan presi pou yon moun pran byoup la. Moun ki gen OUD dwe kontinye pran byoup la toutotan y ap tire avantaj ladan li, sa ki ka plizyè ane oswa tout lavi yo. Pifò moun ki pran byoup la pandan pi lontan gen pi bon rezilta pase moun ki pran li pandan mwen lontan.

Manti	Verite
<b>Byoup la pa sèvi anyen san konsèy sikolojik oswa terapi.</b>	Tretman an ak dezentoksikasyon an pa menm pou tout moun. Menmsi gen anpil moun ki benefisye konsèy sikolojik ak terapi, byoup la bay anpil rezilta nan trete OUD menm lè ou pran li san ni konsèy sikolojik ni terapi.
<b>Yo souvan mal itilize byoup la (pa pran li dapre òdonans la oswa enstriksyon yo oswa pran li san òdonans)</b>	Byoup la, menm jan ak lòt medikaman, ka mal itilize. Poutèt byoup la pi fèb pase lòt opyoyid, tankou ewoyin oswa fentanil, moun pa nòmman pran li pou plane. Gen moun ki gen dwa pran byoup la san òdonans poutèt yo pa ka jwenn pwofesyonèl swen sante pou trete yo, epi lè yo pran li sa ede yo evite sentòm sevraj yo oswa sispann oswa redui konsomasyon opyoyid yo.
<b>Li fasil pou fè ovèdoz avèk byoup la.</b>	Li difisil anpil pou fè ovèdoz avèk byoup la poukont li. Byoup la gen yon "efè plafon", sa ki vle di lè ou fin pran yon sèten kantite, si ou pran plis byoup sa p ap ni fè ou plane ni lakòz depresyon respiratwa (respirasyon ralanti oswa fèb). Sa vle di menmsi yon moun pran plis byoup pase sa yo preskri li a, li p ap ni gen plis efè sedatif ni ralanti respirasyon li. Si yon moun fè ovèdoz avèk byoup la, se abityèlman poutèt li te pran lòt dwòg ki ralanti respirasyon tankou benzodyazepin oswa alkòl.
<b>Byoup la pa mache si ou pran fentanil.</b>	Byoup la mache menm jan an pou tout opyoyid yo, sa gen ladan l fentanil, nan jere sevraj la epi nan redui risk ovèdoz la. Men, lè ou kòmanse avèk byoup la twò bonè apre ou fin pran fentanil, sa ka lakòz sentòm sevraj sibat. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou de lè pou w kòmanse pran byoup la pou evite efè sa yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon ak pou yo ede ou jwenn byoup la, ale sou [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche "**bupe treatment**" (tretman avèk byoup).

Pou yo ede ou jwenn yon pwofesyonèl swen sante, rele **311** oswa 844-692-4692.

Pou jwenn sipò pou sante mantal oswa pou toksikomani, rele oswa voye tèks pou 988 oswa fè konvèsasyon sou entènèt sou [nyc.gov/988](https://nyc.gov/988).

Sèvis tèks ak konvèsasyon sou entènèt yo disponib nan lang anglè ak panyòl, epi konseye sikolojik yo disponib nan telefòn 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan plis pase 200 lang.